

KENBE TIMOUN OU YO AN SEKIRITE


Aplike pou yon Prè pou Retire Plon

Anpwazònman ak plon kapab lakòz andikap pou aprann kay timoun piti. Pwogram rediksyon plon nou an ofri w èd finansyè pou elimine penti abaz plon lakay ou.

NOU OFRI:

- Prè lajan ou gendwa pa bezwen ranbouse pou jiska \$10,000 pou chak Init lojman
- Konsèy teknik nan men espesyalis nan plon Vil la
- Enspeksyon pou penti abaz plon gratis
- Èd pou konfòme w ak lwa Eta a konsènan plon

Sibvansyon Lead Safe Boston (San Danje Plon) yo disponib pou pwopriyetè kay nan Boston oswa envestisè-pwopriyetè kay ki gen 1 jiska 4 init lojman anndan yo (ki konstwi anvan 1978), kote yon timoun ki poko gen 6zan abite oswa pase anpil tan. Lead Safe Boston ede pwopriyetè ki kalifye pou yo idantifye antreprenè kontraktyèl ki gen lisans ki kapab fè pwojè riske pou elimine plon.



**Si aprè 3 zan tout kondisyon Prè Eliminasyon Plon an ranpli,
ou p ap bezwen ranbouse lajan prè a.**

Pami kondisyon ki genyen pou reyalize Konfòmitee Konplèt pou Eliminasyon Plon (Full Deleading Compliance) konfòmeman ak Lwa MA konsènan Plon. Pou envestisè-pwopriyetè yo, kondisyon yo gen ladann bay fanmi ki gen jenn timoun priyorite lè y ap lwe nouvo apatman yo elimine plon ladan yo.

**RELE NAN (617) 635-0190 OUBYEN AL
GADE NAN HOMECENTER.BOSTON.GOV
POU APLIKE JODIA.**



Housing

